Recueilli par : Caroline NDIAYE :

Dit par : Mame Kadhy Diop.

# SAADALEN

Karolin Njaay : Maam Xadi tey dama laa seetsi ndax nga léebal ma. Daara ji ma nekk mooy daara ji ñuy wax : Iniversité. Ci biir jàng mi ñuy def dañu ñoo laaj ay léeb. Tey ji nag ma bëggoon xam loo ma ci indil ?

Xadi Jòob : Saadaleŋ, benn xaleel la fi woon. Yaayam dafa teel dee wante doon na koo weewe "Kor Biigé" bi mu laata dee. Mu des nag moom baayam ak wujju yaayam ; nekk xale bu baax boo xam ni ku ko gus bëgg ko.

Karolin Njaay : Ñaata at la amoon ?

Xadi Jòob : Fukki at ak ñett. Ci fukki at ak ñett la yaayam dee bàyyi kook baay bi, mu nekk xale boo xam ni rëbb rekk ay liggéeyam. Ku mu mos romb bu la fittéek loxo càmmoñ bi rekk nga daanu. Mu nekk ci ŋër gi. Wëjju yaay ji bariwul doom waaye doom yépp Saadaleŋ a ci gën. Mu bañ nag Saadalen, ni Waa Njaay boo yoolewul Saadalen gaynde gi dootuma séy ak yow.

Karolin Njaay : Kuy Waa Njaay ?

Xadi Jòob : Mooy baayu Saadaleŋ. Ba mu ko defee nag, gaynde gi booba lakkal na réew ma yépp, yépp , te ku génn rekk mu jàpp la, rey la. Mu daldi ni :

- Man de xawma na may def ?

Mu ni ko :

- Danga koy yoole gaynde gi nga xam ni moo gën tang ci réew mi. Boo ko ko yoolee dina ko jël.

Mu ni ko :

- An !

Mu ni ko :

- Waaw.

Mu ni ko :

- Naka lea ko koy yoole ?

Mu ni ko :

- Dangay dugg xalwa. Soo jogee dangay seet ci magi dëkk bi ko xam ni mën naa wax ak i xërëm, nga wax ko ni danga bëgg yoole Saadalen gaynde gi. Mu fekki gòor gu ñu naan Bukar, ku ñemme la woon, boroom xam-xam la. Mu daldi jat gaynde gi ba gaynde gi taxaw.

Mu ni ko :

- Waa Njaay e ma yònniwoon. Dafa am benn doomam bu mu/la bëgg yoole ndax dafa lakkal jabaram. Jabar ji née na ko bu ko yoolewul gaynde gi, dootul séyatéek moom, te bëgg na jabaram.

Karolin : Xanaa dafa defewoon ni bu ko yoole gaynde gi, gaynde gi dootul lakkal waa dëkk bi ?

Xadi Jòob : Dafa bëgg mu lekk Saadaleŋ, ndax Saadaleŋ dafa wex. Su ko lekkee dina dee, loolu moo taxoon. Ndaxte doomu Kambul, gaynde gi lekk na ko, lekk nijaayu Kambul. Mu ni ko nag ci kow lekk na leen, nanga tëye sama doom, te sama doomu wujj wi nga xam ni nekku fi, nga jox ko gaynde gi mu bàyyi waa dëkk bi. Mu daldi jël nag Saadaleŋ yoole ko gaynde gi.

Ndeysaan bi mu ko defee nag, xeriti yaayam yi di jooy, naan bu fekkoon ni ndeyam e saiy dund kenn du ko yoole gaynde gi. "Kor Biigé ku ko xam dëgg dëgg dina yor fitu gòor ndax kor Biigé mooy Salmoon... ñoo bokk benn baay waaye bokkuñu ndey. Kor Biigé Waagaan, Waagaan Kumba Sanja... bu fekkoon ni mu ngi dund tey dina taxaw taxawaay ub gòor, waaye gaynde gi dafa lakklé. Aa xanaa mu jël Saadalen ndax dëkk bi mën lew.

Bi mu ko defee nag, ñu war ko yoole gaynde gi. Benn xeritam bu ko bëggòon moom Saadalen ñów ni ko :

- Saadaleŋ, yow dañu lay yoole gaynde gi ?

Mu ni ko :

- Ku may yoole gaynde gi ?

Mu ni ko :

- Sa baay.

Mu ni ko :

- Déedéet. Sama baay du ma yoole gaynde. Te sama baay man xaritam laa. Fu mu taxaw ma war faa taxaw, moom rekk laa bëgg.

Mu ni ko :

- Waawaaw yow lay yoole gaynde gi.

Mu ni ko :

- Aa ! loolu dé duma ko mën gëm.

Beneen xaritam joge fëlé ñów di ko woy naan ko :

- Kilée di Saadalen, kilée di Saadalen, Sekksi nginaar sayum ndéem, kilée di Saadalen, Sekksi nginaar... kilée di Saadalen !

Mu ni ko :

- Man maa di Saadaleŋ Njaay, man maa di Saadaleŋ Sekksi nginaar sayum ndéem man maa di Saalaleŋ !

Ba ko xarit bi tagge nag ndeyscan, mu yegsi ci gaynde gi. Ñu ni gaynde gi dey ku ko mën rey di nga tiit. Mu am benn moroom boo xam ni bii dikk na ni moom bu egsee ci gaydde gi rekk bu ko fetalee dina daanu. Mu fetal, mënu ko rey. Gaynde gi di tëb di dal, di leen bëgg lekksi. Eeneen moroomam dikkati ni dey jéem rey gaynde gi, mënu koo rey. Keneen ñówati jéem, mënaluñu ko dara. Saadalen daldi ñów defar fitam, jël cèmmooñ bi, diir, jam ko ci xol. Gaynde gi daanu.

Moroomam yi nag dikk. Bù ñu ñówée, Saadalen dow nëbbatuji. Moroomam yi neweon feefu ak seeni fetal, ku ñów rekk ni maa rey gaynde gi, kii ni maa ko fetal mu daanu, kii ni maa ko fetal mu daanu. Saadalen jël xeej bi samp fa. Am na gean gòor goo xam ni gëu am xel la, daldi ni :

- Xeej bii dey ku ko simpi ñu xam ni yaa rey gaynde gi, waaye ku ko mënul simpi ñu xam ni reyuloo gaynde gi.

<u>Karolin</u> : Fu mu sampoon xeej bi ?

<u>Xadi Jòob</u> : Fi gaynde gi tëdd, la ñów samp fi xeej bi, jam ko ci dënnu gaynde gi wacc ko fa. Ku ñów tiim gaynde gi, simpi xeel bi ñu mmm ni

yaa ko rey. Ku ñów ba tiim ko rekk dem. Nit ñi ni dëkk bi dé kenn rekk a fi des. Ñu ni ku fi des ? Ñu ni doomu ker Biigé bi rekk a fi des te moom moo ci gën di xale ndax fukki at ak ñett rekk la am. Ñu ni kii moo rey gaynde gi ?

Mu daldi ñów ximpi xeej bi. Ba mu ko simpée nag ba noppi, baay bi dikk daldi woo ay mbokkam ni leen Saadaleŋ dee na.

- Ñu ni ko Saadaleŋ dee na ?

<u>Karolin</u> : Xanaa dafa feegoon ni gaynde gi rey na Saadaleŋ ?

<u>Xadi Jóob</u> : Waaw. Mu ni leen Saadaleŋ dee na. Ñu ni ko dañoo bëgg nga wàn ñu bàmmeelam. Mu ni sunu dëkk bi kat ku fi dee dangay sóppeeku xaj. Ñu ni ko dañoo bëgg rekk nga wàn ñu bàmmeel bi. Boo ñu ko wànee mu sóppaliku xaj, ñu xam, bu sóppalikuwul ñu xam. Mu ni man daal mënuma sulli sama doom ji. Nijaay ji ni ko su fekee ni sulliwoo ko, ñun dinañu woo beroom dëkk bi. Balaa nga ko sulli sax dinañu woo beroom dëkk bi, ñu tëgg ndënd mi, fu waay nekk ci tund wi dinga ñów, bu ñu ñówée ñu sulli ko. Bu ko defee bu fekkee ni du xaj ñu xam, bu fekkee ni xaj la ñu xam.

Waa Njaay daldi dem gas bàmmeel suul fa xaj. Naka la Beroom dëkk bi ñów ni ko, su fekkee ni sulli nañu ko te nekkul xaj nga xam ni nekkul fii, su ñu ko sullee mu nekk xaj nga xam ni danga jël ab xaj suul ko fi.

Naka lañu ñów di gas di gas ba dindi xaj bi teg ko ci biti, mu rus. Ba mu rusée nag mu daldi soppaliku dem ci saa si. Jabar ji daldi sóppaliku sump.

Ba loolu amee nag, Beroom dëkk ba daldi woo Saadaleŋ ni ko leegi dama lay yóbbu ci sama kër ndax yow mat ngaa àndal xare, mat ngaa doomoo jàmbaar nga. Man bàyyi naa la leegi nga nekk ci samay loxo. Mu fab fasu naaru-góor jox ko. Buy dem xare mu ànd ak moom ; fu muy mën dem rekk mu ànd ak moom, ba ñu nj mooy doomu Buur bi, ba mujj Buur bi yékkati doomam may ko.

Saadalen nekk ci loxoom ba doon Buur, yilif dëkk ba. Kuy ñów rekk bu Saadaleŋ waxul kenn du wax. Mu nekk fa, coono ba ko Yàlla tegoon mu fey ko ko. Ay doomi baayam nag di taxawaalu, moom mu teeqa teen yam rekk.